

FÈ KONFYANS, MEN VERIFYE

Ou pa bezwen sispèk tout moun. Jis ajoute yon sèl etap.

ANVAN NENPÒT LAJAN SOTI

- 1 Chèche nimewo a ou menm.**
Se pa nimewo yo te ba ou a. Se sa ki sou kat ou.
- 2 Rele moun nan ou menm.**
Rakwoche anvan. Apre sa rele.
- 3 Tann yon jou.**
Yon vrè pwoblèm ap siviv yon nwit somèy.

TWA SIY KI DWE FÈ OU SISPANN

- Se yo ki rele ou — se pa ou ki te kòmanse.
- Yo touche santiman ou byen vit — laperèz oswa prese.
- Yo vle yon transfè — lajan, yon kòd, oswa òdinatè ou.

PA JANM, PA MENM YON FWA

- × Pa gen enstitisyon serye ki aksepte kat kado kòm peman.
- × Bank ou pap janm mande ou retire lajan nan kont ou.
- × Pa janm bay pèsonn yon kòd ou resevwa nan tèks.
- × Pèsonn pa vin lakay ou pou ranmase kach oswa lò.

ÈD GRATIS — SAN JIJMAN

833-372-8311 National Elder Fraud Hotline · Lin–Van

877-908-3360 AARP Fraud Watch · Lin–Van

Rapòte nan: ic3.gov · reportfraud.ftc.gov

Si sa deja rive: se pa fòt ou, e li poko twò ta.

Gratis pou kopye, enprime, ak pataje.

